



## Anplwaye yo — Nou fèt pou konnen Dwa yo ak Responsabilite nou Anba E-Verify

Lalwa Federal mande ke tout anplwayè verifye idantite ak elijibilite pou anplwa tout nouvò anplwaye (enkli Sitwayen Ameriken) nan twa jou apati de dat anplwa a. Tout Anplwayè oblige konplete Fòm I-9 la, epi tout anplwaye fèt pou bay anplwayè yo dokimantasyon ki etabli ni idantite yo ni kalifikasyon pou travay Ozetazini.

Depatman Sekirite Nasyonal "The Department of Homeland Security (DHS)" ansanm ak depatman Sekirite Sosyal "the Social Security Administration (SSA)" etabli yon sistèm elektwonik ki rele E-Verify pou ede anplwaye yo nan verifikasiyon elijibilite pou anplwa ak kalifikasyon nouvò anplwaye. An brèf, atravè E-Verify, anplwayè yo voye enfòmasyon pèsonèl ou ba SSA ak DHS (sèl pou sa ki pa sitwayen yo) pou asire ke w otorize travay Ozetazini e ke non ou, nimewo Sosyal ou, ak dat nesans ou matche ak dosye gouvènman yo. Si anplwayè w itilize E-Verify, ou menm antan kanplwaye gen sèten dwa ak responsabilite.

### **Men Dwa w yo ak Responsabilite w yo Lè Anplwayè ou Tchyèke Enfòmasyon Pèsonèl sou E-Verify**

Aprè yo finn anboche w e nan twa jou aprè ou finn komanse travay e ke w finn konplete Seksyon 1 sou Fòm I-9 la, ou fèt pou montre anplwayè w dokimantasyon valab (jan li parèt sou Fòm I-9 la) ki etabli idantite w ak elijibilite pou anplwa. Se dwa w pou chwazi ki dokiman wap prezante endepandan de fèt ke anplwayè w patisipe nan pwogram E-Verify la, ak yon grenn eksepsyon. Si w prezante dokiman Lis B a mande ba yon anplwayè ki patisipe nan pwogram E-Verify la, dokiman sa a fèt pou akonpaye ak yon pòtrè.

Anplwayè w fèt pou afiche yon avi ki di ke li patisipe nan pwogram E-Verify la.

Anplwayè w gendwa tchyèke sistèm E-Verify la aprè yo finn ofri w e ke w aksepte travay la, e ke w finn konplete Fòm I-9 la. Anplwayè w pa gendwa sèvi ak E-Verify pou aplikan yo (egzanp, tchyèke enfòmasyon pèsonèl ou atravè E-Verify anvan yanboche w), epi tou, anplwayè w pa gendwa itilize E-Verify oaza pou verfyè kèk anplwaye e pa zòt.

Anplwayè w gendwa tchyèke elijibilite w sou E-Verify sèl sii yanboche w pou nouvò travay la men pa si w déjà ap travay pou li.

Anplwayè w fèt pou itilize sistèm E-Verify la pou tout nouvò anplwaye nan tout lokal anplwa ki patisipe yo, endependan de nasyonalite oswa kalifikasyon sitwayèntre w.

Anplwayè w pa gendwa sèvi ak E-Verify pou diskrimine kont ou swa baze sou nasyonalite w oswa klasifikasyon sitwayèntre w oswa pou nenpòt ki lòt rezon ilegal, enkli reprezay poutèt ou te prezante yon doleyans devan EEO, oubyen poutèt ou manm yon sendika, etc.

### **Dwa w ak Responsabilite w yo Lè Enfòmasyon Pèsonèl ou pa Matche enfòmasyon ki sou done SSA's or DHS' yo nan sistèm E-Verify la.**

Si anplwayè w pase enfòmasyon atravè E-Verify epi li resevwa repons ke yo pa matche, ke yo rele yon tantatif ki pa konfimen, anplwayè w fèt pou ba w avi alekri tousuit de tantatif ki pa konfimen sa a epi mande w si w ta renmen konteste tantatif ki pa konfimen sa a. Si w chwazi pou konteste tantatif ki pa konfimen sa a, ou fèt pou metel okouran avi tantatif ki pa konfimen an epi remèt avi a ba anplwayè w. Ni w ni Anplwayè w fèt pou siyen avi tantatif ki pa konfimen a. Aprè w finn remèt



avi a ba anplwayè w, anplwayè w fèt pou ba w yon lèt referans ki bay tout detay sou kijan pou kontakte SSA oswa DHS pou rezoud ka w. Ni w ni anplwayè w fèt pou siyen lèt referans sa a.

Osito w resevwa lèt referans la, ou fèt pou kontakte ajans federal apwopriye a nan wit jou ouvrab gouvènman federal pou komanse rezoud ka w an. Si tantatif ki pa konfimen an gen pou wè ak SSA, li enpòtan ke w fè SSA konnen ke wap konteste tantatif ki pa konfimen ke sistèm E-Verify te emèt la. Ki pizè, ou ta fèt pou eseye rezoud koze a ak SSA le pli vit posib paske rezolisyon tantatif ki pa konfimen a ta kab pran yon bon ti bout tan. Si li ta posib, ou fèt pou prezante dokimantasyon ba SSA ki pwouve non ou (e si li ta aplikab, tout lòt non legal ou janm genyen), nimewo Sosyal ou, klasifikasyon sitwayèntre w, ak dat naturalizasyon ou (Si li aplike). Si w kontakte DHS pou konteste tantatif ki pa konfimen a, si w bay ki kalifikasyon legal imigrasyon ou, enkli dat lè kalifikasyon legal imigrasyon ou chanje, sa ta ka ede ka w an. Osito w rezoud ka w an, ou fèt pou fè anplwayè w an konnen de tout chanjman ki fèt sou dosye SSA w yo (si ta gen chanjman ki fèt), epi anplwayè w an ta kab eseye verifye elijibilite anplwa w atravè E-Verify ankò.

Osijè de tout efò w ta fè pou rezoud tantatif ki pa konfimen nan men SSA a, anplwayè w pa gendwa mande w prezante yon kopi enprime de baz done SSA yo oswa nenpòt lòt verifikasiyon a lekri nimewo Sosyal ou nan men SSA.

#### **Dwa w pou Travay si w Pwoteste Tantatif ki Pa Konfimen a tan**

Anplwayè w pakab pran okenn mezi negatif kont ou baze sou yon tantatif ki pa konfimen paske wap travay pou rezoud tantatif ki pa konfimen sa a ak ajans federal yo. Pa egzanp, anplwayè w pa gendwa revoke w, mete w an sispanson,

ranvwaye premye jou w nan travay, kenbe swa lajan ou oswa fòmasyon w, oubyen limite anplwa w.

Anplwayè gendwa revoke w sèl si li ta resevwa yon rezulta de non konfimen nan men E-Verify oubyen si w pa pwoteste yon tantatif ki pa konfimen.

#### **Dwa w pou chache Rekou Legal si Anplwayè w ta fè w Diskriminasyon**

Lalwa Federal entèdi anplwayè yo fè diskriminasyon kont moun kap aplike yo ak anplwaye yo poutèt nasyonalite yo ak sitwayèntre yo (oswa ki kalifikasyon legal imigrasyon ou) lè yap verfyelijibilité pou anplwa atravè egzekisyon Fòm I-9 la ak izaj sistèm E-Verify la. Pa egzanp, anplwayè pa gendwa, revoke oswa mete yon anplwaye sou sispanson poutèt nasyonalite oswa kalifikasyon sitwayèntre ki base sou emisyon tantatif ki pa konfimen ke E-Verify emèt; refize anboche moun ki pa sitwayen ki otorize pou travay (amwens ke lalwa oswa kontra gouvènman an ta egzijel); trete kandida yo diferaman nan Fòm I-9 oswa pwosesis E-Verify la; oswa limite chwa dokimantasyon ou prezante pou etabli elijibilite pou anplwa lè wap konplete Fòm I-9 la (apà de pòtrè Lis B a mande kòm dokiman idantifikasiyon). Si w panse anplwayè w fè w diskriminasyon, tanpri, rele the Department of Justice, Civil Rights Division, Office of Special Counsel for Immigration-Related Unfair Employment Practices la.

#### **Èd ki Disponib pou W si Anplwayè w ta mal Sèvi ak Sistèm E-Verify la**

Anplwayè yo oblige swiv sèten pwosedi lè yap itilize sistèm E-Verify la ki fèt menm pou pwoteje travayè kont zak anplwa ki pa jis. Pa egzanp, anplwayè yo fèt pou avize travayè yo ke yo itilize sistèm E-Verify la, e ke yo pakab itilize sistèm E-Verify la pou moun kap aplike yo oswa anplwaye ki déjà la yo, yo pakab revoke anplwaye yo oswa pran mezi negatif baze sou yon tantatif ki pa konfimen, e yo fèt pou pwoteje tout



enfòmasyon pèsonèl anplwaye yo, e yo pakab mande anplwaye a prezante yo ak yon kopi enprime de Nimewo Sosyal yo.

De baz done yo oswa lòt verifikasyon a lekri de Nimewo Sosyal yo nan men SSA. Yo kab entèdi Anplwayè ki pa swiv règleman sa yo itilize sistèm E-Verify e ki ta kab an kontravansyon ak lalwa pandan lap sèvi ak sistèm la.

## Konnen Dwa W Yo – Lis Rapid

- Tout Anplwayè fèt pou afiche avi ki enfòme tout anplwaye yo ke yo sèvi ak sistèm E-Verify la.
- Yo fèt pou itilize E-Verify pou nouvò anplwaye sèlman. Yo pakab itilizel pou verifye elijibilite anplwa anplwaye aktyèl yo.
- E-Verify fèt pou itilize pou tout nouvò anplwaye endependan de nasyonalite oswa klasifikasyon sitwayènte yo. Yo pakab itilizel oaza.
- E-Verify fèt pou itilize aprè yo finn anboche e aprè Fòm I-9 la konplete. Anplwayè yo pa gendwa tchyèke enfòmasyon pèsonèl aplikan yo atravè sistèm E-Verify la.
- Si yon anplwaye resevwa yon tantatif ki pa konfimen, anplwayè fèt pou li bay anplwaye a enfòmasyon tousuit sou kijan pou li pwoteste tantatif ki pa konfimen a, enkli avi a lekri sistèm E-Verify emèt.
- Si yon anplwaye ta deside pwoteste tantatif ki pa konfimen an, anplwayè a fèt pou bay moun la yon lèt referans emèt pa E-Verify ki gen ladann enstriksyon espesifik ak enfòmasyon sou kontak la.
- Anplwayè pakab pran okenn mezi negatif kont anplwaye a poutèt li ta konteste tantatif ki pa konfimen a. Li enkli, revokasyon, sispansyon, kenbe lajan li oswa fòmasyon, oubyen limite anplwa li.
- Yo fèt pou bay anplwaye a wit jou ouvrab gouvènman federal pou li ka kontakte ajans federal apwopriye a pou li konteste tantatif ki pa konfimen a.
- Anplwayè yo pa gendwa pran mezi negatif kon nenpòt anplwaye poutèt yo resevwa yon tantatif ki pa konfimen pou toutotan tantatif ki pa konfimen a dire (menm si li ta depase di jou ouvrab gouvènman federal la) pouvi anplwaye kontakte ajans federal apwopriye nan wit jou ouvrab gouvènman federal.
- Anplwayè yo kab revoke anplwaye yo sèl si yo resevwa yon nonkonfirmasyon final oswa lè yo ta avize yo ke yon anplwaye chwazi pou li pa konteste tantatif ki pa konfimen a.
- Anplwayè yo pakab itilize sistèm E-Verify la pou reverifie elijibilite anplway de yon anplwaye ki te déjà la. Reverifikasiyon fèt pou fèt atravè Fòm I-9.